# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मेरठ, मुजफ्फरनगर, गाजियाबाद अउर बागपत के सथहीं पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कई जिला में कांवड़ यात्रा राहि क हवाई सर्वेक्षण कइले के सथहीं फूल बरसा के कांवड़ियन क स्वागत कइलें। मुख्यमंत्री मेरठ में सड़कियो पर उतरि के कांवड़ियन पर फूल बरसवलें। पत्रकार लोगिन से बतियावत मुख्यमंत्री कहलें कि कुछु लोगि कांवड़ यात्रा के बदनाम कइले क साजिस कइ रहल हवें, अइसन लोगिन से कड़ाई से निपटल जाई। उहां के कहलीं कि हर कांवड़ संघ अउर शिव भक्त क कर्तव्य हौ कि ऊ उपद्रवियन के पहिचानि के उन्हें बेनकाब करें अउर प्रसासन के जुरते सूचना दें। उहां कहलीं कि पूरा राहि पर सीसीटीवी कैमरा लगावल गइल हौ अउर उपद्रवियन के पहिचानि के उनकर फोटो सार्वजनिक कइल जाई। कांवड़ यात्रा के बदनाम करे वाले लोगिन के अउर उपद्रव करे वालन के कउनों कीमति पर छोड़ल नाहीं जाई।

**********

केन्द्र सरकार बिहने से सुरू हो रहल संसद क मॉनसून सत्र के दौरान संसद के दुन्नो सदन के सुचारू रूप से चलावे बदे आजु नई दिल्ली में सर्वदलीय बइठकी भइल। बइठकी में कई गो राजनीतिक दलन क नेता लोगि सामिल भइलें। येह बइठकी के बाद संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलें कि बइठकी बहुते रचनात्मक रहल अउर सरकार हर मुद्दा पर चरचा खातिर तइयार हौ।

**सरकार की ओर से हम लोगों से सारा प्वाइंट्स नोट किए हैं। हमने ये रिक्वेस्ट किया है कि सदन अच्छे से चले। इसके लिए पक्ष और विपक्ष मिलकरके हमको काम करना होगा। आपस में कार्डिनेशन अच्छे तरह से रखना होगा।**

**********

बनारस में दुइ दिवसीय युवा आध्यात्मिक चिंतन सिविर आजु काशी घोषणा पत्र के सथहीं पूरा हो गइल। येह मौका पर प्रधानमंत्री के जन–भागीदारी आन्दोलन के आवाहन से प्रेरित हो के एगो देसव्यापी युवा नेतृत्व वाला सार्वजनिक अभियान सुरू कइले क संकल्प लिहल गइल।

समापन समारोह में हिमाचल प्रदेस क राज्यपाल शिव प्रताप सुकुल कहलें कि ई अभियान नौजवानन बदे फायदेमंद होई। हिमाचर प्रदेस में येह अभियान से ढेरि संख्या में नौजवान नसा के लत से बहरे आइल हवें। येह मौका पर केन्द्रीय युवा अउर खेल मंत्री मनसुख मांडविया कहलें कि दुइ हजार सैंतालीस ले जब देस बिकसित राष्ट्र बनी त ऊ नसा मुक्त राष्ट्र होई। ओह समय येह चिंतन सिविर क महातम समझ में आई। येह मौका पर केन्द्रीय युवा एवं खेल राज्य मंत्री रक्षा निखिल खडसे अउर प्रदेस क आबकारी मंत्री नितिन अग्रवालो आपन बिचार रखलें।

**********

केन्द्रीय युवा कार्यक्रम अउर खेल मंत्री मनसुख मांडविया आजु बनारस के बीएचयू में फिट इण्डिया संडे ऑन साइकिल अभियान क अगुआई कइलें। उहां के कहलीं कि सज्जो सैक्षिक संस्थान छौ हजार से बेसी जगहिनि पर संडे ऑन साइकिल के जरिये नसा मुक्त भारत क सनेसा दिहले हौ।

**आज सारे देश की सभी एजुकेशनल इंस्टीट्यूट में 6000 से अधिक स्थानों पर संडे ऑन साइकिल करके नशा मुक्ति का संदेश दिया है। मोदी जी ने फिट इंडिया मूवमेंट चलाई। संडे ऑन साइकिल के द्वारा देश के युवा फिट रहें, देश के युवा स्वस्थ रहें, देश के युवा देश के लिए काम करें और समृद्ध भारत का निर्माण करें। इस लक्ष्य के साथ हर संडे ऑन साइकिल होती है।**

**********

त्रिपुरा क राज्यपाल इंद्रसेन रेड्डी नल्लू आजु अजोध्या में रामलला क दरसन–पूजन कइलें। येह दौरान उहां के मंदिर निरमाणो क अवलोकन कइलीं। सर्किट हाउस में मीडिया से बतियावत उहां के कहलीं कि रामलला क दरसन बहुते अद्‌भुत रहल। राम मंदिर बनले से ढेरि संख्या में सरधालु अजोध्या पहुंचि रहल हवें।

**********

आजु अन्तर्राष्ट्रीय चन्द्र दिवस हवे। ई दिन बीस जुलाई ओन्नइस सौ ओनहत्तर में पहिली बेरि अदमी के चांद पर पहुंचले के यादि में मनावल जाला। येह सालि क बिसय हौ–**एक चन्द्र दृष्टि एक भविष्य** । ई दिन चांद पर अनुसंधान में विस्व के उपलब्धियन अउर अन्तर्राष्ट्रीय सहजोग आ ओइजा मौजूद संसाधनन के सान्तिपूर्ण उपयोग के ओरि धियान दियावे ला।

**********

प्रदेस के अलगि–अलगि जगहिनि पर आजु भिन्नहियें से रूकि–रूकि के हो रहल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल हौ। ओहीं, दुसरकी ओरि प्रदेस क कई नदियन के जलस्तर में बढ़ोत्तरी दरज कइल गइल हौ। बनारस अउर प्रयागराज में गंगा के जलस्तर में लगतारे बढ़ोत्तरी के देखत एनडीआरएफ अउर एसडीआरएफ के सतर्क कइ दीहल गइल हौ। मौसम विभाग पूर्वांचल में अगिला दुइ दिन ले कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बरखा क अनुमान जतवले हौ।

**********